# Төрткүл районында халықаралық әҳмийетке ийе автомобиль жолы асфальтланбақта

Image not found or type unknown

Халықаралық әҳмийетке ийе А-380 (Ғузар-Бухара-Нөкис-Бейнеў) автомобиль жолының 552-604-км. аралығының эксплуатация жумыслары, күнделикли оңлаў, сақлаў жумыслары Төрткүль районы жоллардан пайдаланыў унитар кәрханасы тәрепинен алып барылмақта. Усы жолдың 589,9-590,7-км.лери бүгинги күнде оңлаўға мүтәж жағдайға келип қалған болып, кәрхана тәрепинен усы жылдың март айынан баслап, оңлаў жумыслары баслап жиберилген еди. 2021-жыл ушын күнделикли оңлаў жумысларына ажыратылған қаржы есабынан оңлаў ҳәм асфальт төсеў жумыслары алып барылды. Тилекке қарсы битум материалы жеткерип берилиўи ўақтынша үзилиске түсип, оңлаў жумыслары жолдың тийисли қатнаў бөлиминде автомобиль жолын тегислеў ҳәм щебень төсеў жумыслары менен тоқтап турған еди.

Ҳәзирги ўақытта жолдың қалған бөлегине асфальт төсеў жумыслары қызғын түрде алып барылып атыр ҳәм күнделикли оңлаў жумыслары кең көлемли жүргизилмекте.

**Қарақалпақстан Республикасы автомобиль жоллары аймақлық бас басқармасы мәлимлеме хызмети**